



Pou Piblikasyon Imedya: 23/02/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL JODI A TE ANKOURAJE ENDISTRI TRANSPÒ FEWOVYÈ MACHANDIZ LA, KONGRÈ A, AK REGILATÈ FEDERAL YO POU YO PRAN PLIS MEZI POU ANPECHE KATASTWÒF KI GEN RAPÒ AK MATYÈ DANJERE NAN TRANSPÒ FEWOVYÈ MACHANDIZ APRE DERAYMAN TREN TOKSIK NAN EAST PALESTINE LAN NAN OHIO**

*Mezi yo enkli akselere aplikasyon wagon sitèn ki pi an sekirite pou materyèl danjere yo*

*Modènize règleman ak sistèm frenaj yo pou anpeche kolizyon potansyèl yo*

*Mande Wout Ray yo pou enfòmè davans Ekip pou Repons Ijans Eta yo konsènan machin danjere yo k ap deplase atravè Eta a*

*Elaji aksè ak finansman nan fòmasyon ak planifikasyon preparasyon pou evènman danjere ki gen rapò ak transpò fewovye*

Gouvènè Kathy Hochul jodi a te ankouraje endistri transpò fewovye machandiz la, Kongrè a, ak regilatè federal yo pou yo pran plis mezi pou anpeche katastwòf ki gen rapò ak matyèl danjere nan transpò fewovye machandiz apre derayman tren toksik nan East Palestine, Ohio ki te menase sante ak sekirite rezidan yo. Aksyon konplè Gouvènè a dekri yo pral ede kreye yon endistri transpò materyèl danjere ki pi an sekirite, pandan y ap ogmante kapasite repons eta a pou ijans gras ak sipèvizyon federal amelyore.

"Sante ak sekirite rezidan New York yo rete pi gwo priyorite administrasyon mwen an. Derayman tren ki te fèt nan East Palestine, Ohio mete aksan sou nesite pou règleman prevantif ak bon jan prepozisyon resous repons pou ijans yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "New York rete angaje pou li dirije preparasyon ak repons kont danje nan transpò fewovye machandiz, epi m ap mande patnè nou yo nan endistri transpò fewovye machandiz la, Kongrè a, ak regilatè federal yo pou kwape katastwòf alavni yo nan modènize metòd transpò yo pou materyèl danjere yo ak ranfòse resous yo pou planifikasyon preparasyon ak repons kont danje."

Presizeman, Gouvènè Hochul te mande endistri transpò fewovye machandiz la, Kongrè a, ak regilatè federal yo pou yo pran mezi sa yo:

- Akselere mizanplas pwogresif wagon sitèn ki pi an sekirite (DOT 117) pou materyèl danjere yo avan dat limit 2029 Kongrè a enpoze a.
- Modènize règleman frenaj yo epi ogmante itilizasyon fren an kawotchou ki kontwòle elektwonikman (electronically controlled pneumatic, ECP) pou anpeche potansyèl derayman tren yo.
- Mande wout ray yo bay ekip repons ijans Eta yo avètisman davans sou machin danjere k ap deplase atravè eta pa yo.
- Elaji sibvansyon eta ak lokal espesyalman pou preparasyon ak planifikasyon repons kont matyè danje yo.

**Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la Basil Seggos te deklare,** "Atravè lidèchip Gouvènè Hochul, Nouyòkè yo ta dwe konnen Eta a pare pou reponn nenpòt lè ijans rive. Mezi Gouvènè a dekri jodi a pral asire gouvènman federal la ap priyore amelyorasyon sekirite tren ki pral pi byen pwoteje rezidan nou yo epi asire nasyon an gen sipèvizyon transpò tren ki pi sevè. DEC pa ka tann pou l travay ak patnè federal, eta ak lokal nou yo pandan n ap revize epi devlope kapasite repons nou an k ap mennen nan nasyon an."

**Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans Eta New York la, Jackie Bray, te deklare,** "Kenbe Nouyòkè yo an sekirite se priyore nimewo en nou epi Eta a gen pèsònèl ki gen anpil fòmasyon ki gen eksperyans nan reponn ak danje ak katastwòf ki planifye regilyèman pou kalite senaryo sa a. Pandan ke DHSES ak ajans patnè nou yo byen ekipe pou reponn, ofisyèl federal yo ak endistri transpò yo dwe pran mezi adisyonèl pou ranfòse efò preparasyon yo epi anpeche kominote yo sibi plis ensidan ray danjere yo."

**Komisè Depatman Transpò Eta New York la, Marie Therese Dominguez, te deklare,** "Anba lidèchip Gouvènè Kathy Hochul, Eta New York konsantre sou sekirite nan tout mòd transpò, espesyalman sekirite tren, epi NYSDOT ap travay aktivman ak patnè federal, eta ak endistri nou yo pou avanse plis mezi sekirite pou ekipman ak operasyon transpò fewovye machandiz atravè tout peyi ak isit la nan New York. Sekirite se responsablite tout moun epi sèlman atravè yon efò konplè, kowòdone nou ka diminye risk pou yon lòt ensidan danjere epi kenbe kominote nou yo an sekirite."

Eta New York rete yon lidè nan preparasyon ak repons pou transpò fewovye machandiz. Apre aksidan Lac-Megantic la an 2013, Eta New York te inisye yon planifikasyon repons konplè ak reous repons prepozisyon pou prepare pou yon katastwòf ki gen rapò ak matyè danjere nan transpò fewovye machandiz, ki konsantre espesyalman sou petwòl brit. Atravè yon efò milti-ajans, ak Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) la nan tèt li, Eta New York te kreye [Plan Repons Jewografik \(Geographic Response Plans GRPs\)](#) ki gide operasyon repons lokal, konte, eta, federal ak endistri a nan ka yon ijans - k ap sèvi kòm yon modèl pou res nasyon an. Pandan ke New York kontinye dirije nasyon an nan preparasyon pou danje pou transpò fewovye machandiz, mezi adisyonèl sa yo

gouvènman federal la ak endistri tren an ka pran pou anpeche katastwòf tankou sa a nan Ohio epi asire kapasite repons nou yo bon.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)